



DIREKTIV PWOVIZWA POU ETABLISMAN ANTRENMAN ESPOTIF PWOFFESYONÈL YO PANDAN IJANS SANTE PIBLIK POU COVID-19 LA

Lè ou li dokiman sa a, ou ka afime nan pati ki anba a.

Nan dat 15 jen 2020

Objektif

Yo te kreye Direktiv Pwovizwa pou Etablisman Antrènman Espòtif Pwofesyonèl ("Interim COVID-19 Guidance for Professional Sports Training Facilities") yo pandan Ijans Sante Piblik pou COVID-19 la pou bay pwopriyete ak direktè ekip espòtif pwofesyonèl yo ak etablisman antrènman yo / espas antrènman yo a avèk prekosyon pou ede pwoteje kont pwopagasyon COVID-19 la pandan fasilite yo ap re-ouvri oswa ap kontinye opere.

Enstriksyon sa yo se jis egzijans minimòm epi nenpòt anplwayè lib pou bay prekosyon anplis oswa ajoute restriksyon. Enstriksyon sa yo baze sou pratik sante piblik ki plis popilè yo nan moman Faz II reouvèti Eta a, epi dokiman enstriksyon sa yo baze sou li a ka chanje epi li chanje souvan. Pati Responsab yo – jan sa defini anba a – responsab pou respekte tout egzijans lokal, etatik ak federal yo ki gen rapò ak aktivite antrènman espòtif. Pati Responsab yo responsab tou pou rete okouran sou tout mizajou ki fèt nan egzijans sa yo, epitou enkòpore mizajou sa yo nan jesyon ak/oswa nenpòt Plan Sekirite Espas la.

Enfòmasyon Jeneral

Nan dat 7 mas 2020, Gouvènè Andrew M. Cuomo te pibliye Dekrè Egzekitif 202 (Executive Order 202), ki deklare yon eta ijans an repons a COVID-19. Transmisyon kominotè COVID-19 deja rive toupatou nan New York. Pou kapab redwi plis pwopagasyon, nou dwe kenbe yon distans sosyal pou pi piti 6 pye ant moun yo, kote sa posib.

Nan dat 20 ma 2020, Gouvènè Cuomo te pibliye Dekrè Egzekitif 202.6, ki òdone pou tout biznis ki pa esansyèl yo fèmen fonksyon pèsònèl yo nan biwo a. Biznis ki esansyèl yo, jan yo defini pa direktiv Kòporasyon Devlopman Empire Stare (Empire State Development Corporation, ESD) yo, pat sijè ak limitasyon an pèsòn, men yo te, sepandan, jwenn lòd pou yo konfòme yo anba enstwiksyon ak direktif ki soti nan Depatman Sante (Department of Health, DOH) Eta New York la ki mande pou yo kenbe yon anviwònman travay ki pwòp epi sekirize, epi yo te mande yo kenbe mezi distans sosyal yo nan mezi ki posib.

Nan dat 12 avril 2020, Gouvènè Cuomo te pibliye Dekrè Egzekitif 202.16, ki òdone biznis esansyèl yo bay anplwaye, ki prezan nan espas travay yo, yon kouvèti pou figi, san peye, ki dwe itilize lè yo an kontak dirèk ak kliyan oswa manb ki nan piblik la pandan y'ap travay. Nan dat 15 avril 2020, Gouvènè Cuomo te pibliye Dekrè Egzekitif 202.17, ki òdone ke nenpòt moun ki gen pase dezan epi ki kapab tolere yon kouvèti pou figi dwe kouvri nen ak bouch yo ak yon mask oswa yon twal lè yo nan yon espas piblik epi yo pa ka kenbe, oswa lè yo pap kenbe, distans sosyal yo. Nan dat ki 16 avril 2020, Gouvènè Cuomo te pibliye Dekrè Egzekitif 202.18, ki òdone ke tout moun ki ap itilize transpò piblik oswa prive oswa lòt veyikil lokasyon, ki gen plis pase dezan e ki ka tolere yon kouvèti pou figi, dwe mete mask oswa kouvèti pou figi ki kouvri depase nen an ak bouch la pandan vwayaj sa a.. Li òdone tou nenpòt operatè oswa chofè transpò piblik oswa prive pou mete yon kouvèti pou figi oswa mask ki kouvri nen an ak bouch la

pandan gen anpil pasajè nan veyikil sa a. Nan dat 29 me 2020, Gouvènè Cuomo te pibliye Dekrè Egzekitif 202.34, ki otorize dirijan / pwopriyetè biznis ki gen otorite yo pou refize aksè pou moun ki pa respekte egzijans kouvèti pou figi oswa mask la.

Nan dat 26 avril 2020, Gouvènè Cuomo te anonse yon apwòch an plizyè faz pou ka retounen ouvri endistri ak biznis yo nan New York pa faz ki baze sou yon analiz rejyonal an fonksyon done yo. Nan dat 4 me 2020, Gouvènè a te pèmèt pou analiz rejyonal la konsidere plizyè faktè sante piblik, ki enkli nouvo ka enfeksyon COVID-19 yo, ansanm ak sistèm swen sante a, tès dyagnostik yo, ak kapasite pou trase kontak yo. Nan dat 11 me 2020, Gouvènè Cuomo te anonse ke premye faz re-ouvèti an t ap kòmanse nan dat 15 me 2020 nan plizyè rejyon New York, baze sou mezi ak endikatè rejyonal ki disponib yo. Nan dat 29 me 2020, Gouvènè Cuomo te anonse dezyèm faz re-ouvèti a ta pral kòmanse nan plizyè rejyon nan eta a, epi li te anonse itilizasyon yon nouvo tablodbò alèt rapid k ap gwoupe bann done eta a pou Nouyòkè yo, fonksyonè gouvènman yo, ak espesyalis yo pou kontwòle ak egzaminen kijan yo limite viris la pou garanti yon re-ouvèti san danje. Nan dat 11 jen 2020, Gouvènè Cuomo te anonse ke twazyèm faz nan reouvèti a ta pral kòmanse nan dat 12 jen nan divès rejyon New York.

Mete sou nòm sa yo, ni biznis esansyèl ak biznis ki pa esansyèl dwe kontinye konfòme ak konsèy epi prensip sa yo pou kenbe anviwònman travay yo pwòp e sekirize ke DOH te pibliye.

Tanpri note sa byen, kote direktiv ki nan dokiman sa a diferan de lòt direktiv dokiman Eta New York te pibliye yo, sa ki plis resan an dwe aplike.

Nòm pou Responsab Aktivite Antrènman Espòtif Pwofesyonèl nan Eta New York

Pa gen okenn Aktivite Antrènman Espòtif Pwofesyonèl ki ka fèt san yo pa ranpli nòm minimòm Eta yo, ansanm ak kondisyon federal ki aplikab yo, ki enkli men ki pa sèlman nòm minimòm ki nan Lwa sou Ameriken ki gen Andikap yo (Americans with Disabilities Act, ADA), Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi yo (Centers for Disease Control and Prevention, CDC), Ajans Pwoteksyon Anviwònman la (Environmental Protection Agency, EPA), ak Administrasyon Sekirite ak Sante Pwofesyonèl (Occupational Safety and Health Administration, OSHA) nan Deptaman Travay Ameriken an (United States Department of Labor).

Nòm Eta a ki gen nan direktiv sa a aplike pou tout aktivite antrènman espòtif pwofesyonèl ki an mach pandan ijans sante piblik COVID-19 la jiskaske yo anile oswa modifye pa Eta a. Pwopriyetè/direktè etablisman an, oswa yon lòt pati jan pwopriyetè/direktè etablisman an gendwa dezinye sa (nan yon ka oswa nan yon lòt, "Pati Responsab" yo) pral responsab pou satisfè nòm sa yo.

Konsèy sa a òganize sou twa kategori diferan: moun, espas, ak pwosesis.

I. Moun

A. Distans Fizik

- Pati Responsab yo dwe asire ke pou nenpòt antrènman, tretman, oswa travay ki ap fèt andedan, okipasyon total la limite ak 50% okipasyon maksimòm lan pou yon espas patikilye jan sètifika okipasyon an etabli sa; epi
- Pati Responsab yo dwe asire ke yo kenbe yon distans omwen sis pye pami moun yo tout tan, sof si sekirite oswa egzekisyon aktivite prensipal la egzije yon distans ki pi kout (pa egzanp tretman medikal pou jwè yo). Nenpòt lè moun yo dwe vini a sis pye de yon lòt moun, yo dwe mete kouvèti

pou figi ki akseptab. Moun yo dwe prepare pou rale yon kouvèti pou figi si yon lòt mon vin prezante a mwens pase sis pye sanzatann.

- Kouvèti pou figi akseptab pou COVID-19 la yo se, men yo pa limite a sa sèlman, kouvèti pou figi ki fèt ak twal ak mask ki kouvri ni bouch ak nen an.
- Sepandan, kachnen an twal, dispozab, oswa kachnen ki fèt lakay pa akseptab pou aktivite nan lye travay la ki abityèlman egzije yon degre pwoteksyon pi wo pou ekipman pwoteksyon pèsònèl (personal protective equipment, PPE) poutèt nati travay la. Pou aktivite sa yo, respiratè N95 oswa lòt PPE ke yo itilize anba nòm endistri ki egziste yo ta dwe kontinye itilize, menm jan sa defini selon enstriksyon OSHA yo.
- Pati Responsab yo ta dwe raple moun yo ke yo egzije yo pote kouvèti pou figi nan espas pataje yo (pa egzanp lòbi yo, koulwa yo, asansè yo, espas deyò komen yo) lè yon maksimòm sis pye separasyon pa posib.
- Yo gendwa retire kouvèti pou figi yo lè yon jwè angaje nan aktivite fizik, men yo dwe pran mezi apwopriye pou asire ke jwè yo ki angaje nan aktivite fizik yo kapab kenbe yon distans sosyal tout tan. Mezi sa yo gendwa gen ladan restriksyon sou kantite jwè yo nan yon chanm pratik nenpòt lè, oswa limit yo sou kantite jwè ki kapab itilize yon teren jwèt (pa egzanp yon jwè pa panye pou ekip baskètbòl yo).
- Pati Responsab yo ta dwe konsidere fèmèn nenpòt espas chèn andedan oswa deyò. Nan mezi sa posib espas yo ta dwe rete ouvè, Pati Responsab yo dwe chanje aranjman espas chèn yo (pa egzanp chèn yo, tab yo) pou asire ke moun yo genyen omwen sis pye youn ak lòt nan tout direksyon (pa egzanp kòt-a-kòt ak lè yo fas-a-fas).
- Pati Responsab yo gen dwa chanje itilizasyon ak/oswa limite kantite pòs travay ak espas pou anplwaye ak jwè yo chita yo, dekwa pou moun yo gen yon distans omwen sis pye youn ak lòt nan tout direksyon (pa egzanp kòt-a-kòt ak lè yo fas-a-fas) epi pou yo pa pataje pòs travay yo san netwayaj ak dezenfeksyon apre chak itilizasyon. Lè plizyè jwè ap itilize ekipman yo nan menm chanm lan (pa egzanp ekipman pou egzèsis yo, tab pou tretman yo), etablisman yo ap itilize yo dwe omwen genyen douz pye youn ak lòt. Lè distans lan pa posib ant estasyon oswa espas travay oswa etablisman yo, Responsab Pati yo dwe bay epi egzije itilizasyon kouvèti pou figi oswa baryè fizik (tankou mi pwoteksyon an plastik, nan plas kouvèti pou figi nan espas kote sa pap anpeche lè sikile, chalè, frechè, oswa van).
 - Si yo itilize, yo dwe mete baryè fizik yo konfòmman ak direktiv OSHA yo.
 - Chwa pou baryè fizik yo gendwa gen ladan: rido an bann, kabin, pleksiglas oswa materyèl ki menm jan, oswa lòt separatè oswa klwazon enpèmeyab.
- Pati Responsab yo ta dwe entèdi itilizasyon ti espas yo (pa egzanp asansè yo, chanm anplwaye yo, vestyè yo) ak pa plis pase yon moun alafwa tout tan, sof si tout moun ki nan espas sa yo an menm tan pote kouvèti pou figi ki akseptab. Sepandan, menm avèk kouvèti pou figi yo ap itilize yo, okipasyon an pa dwe janm depase 50% nan kapasite maksimòm espas la oswa veyikil la, sof si li fèt pou li itilize pa yon sèl okipan. Pati Responsab yo ta dwe ogmante vantilasyon an ak lè eksteryè nan pi wo nivo posib (pa egzanp ouvri fenèt ak pòt), pandan yap kenbe pwotokòl sekirite yo.. Pati Responsab yo ta dwe pran mezi anplis pou anpeche ankonbreman nan espas sal datant asansè yo epi limite dansite nan asansè yo, tankou pèmèt itilizasyon esklaye yo.
- Pati responsab yo dwe asire ke lè anplwaye yo, jwè yo ak anplwaye ekip yo ap itilize veyikil transpò yo ozalantou etablisman yo (pa egzanp vwati gòlf yo), chak veyikil limite ak yon sèl chofè sof si tout okipan yo pote kouvèti pou figi ki apwopriye.
 - Veyikil anplwaye mentnans esansyèl yo (pa egzanp gadyen estad yo) itilize yo gendwa pataje depi ke chofè yo pote mask ak gan tout tan.

- Li rekòmande ke yo asinye anplwaye mentnans yo pa pè/ti gwoup, pou limite kantite kontak sere oswa pwòch yo.
 - Yo dwe netwaye ak dezenfekte tout veyikil yo (pa egzanp vwati gòlf yo, veyikil gadyen teren yo) apre ak avan yon lòt moun itilize veyikil la.
- Pati Responsab yo ta dwe pran mezi pou diminye sikilasyon a pye nan tou de direksyon pandan yo ap itilize riban adezif oswa pano ak flèch nan lale, koulwa oswa espas ki etwa yo, epi afiche siyalizasyon ak makè distans ki endike espas sis pye nan tout espas ki itilize souvan yo ak nenpòt espas kote liy fèt souvan oswa kote moun ka rasanble (pa egzanp antre asansè yo, eskalye woulan yo, lòbi yo, pòs pou tcheke antre/sòti, pòs depistaj sante yo).
- Pati Responsab yo dwe afiche pano toupatou atravè etablisman yo, ki an akò ak siyalizasyon DOH pou COVID-19 la. Pati Responsab yo ka devlope pwòp siyalizasyon pa yo ki espesyal pou espas travay yo a oswa anviwònman, depi siyalizasyon sa a an akò ak siyalizasyon Depatman an. Siyalizasyon an ta dwe itilize pou raple moun pou li:
 - Kouvri nen ak bouch li ak yon mask oswa yon kouvèti pou figi lè distans sosyal sis pye a pa ka kenbe.
 - Byen sere epi, lè sa nesèsè, jete PPE yo.
 - Respekte prensip distans sosyal fizik la.
 - Rapòte sentòm oswa ekspozisyon COVID-19 la, epi kòman yo ka fè sa.
 - Swiv enstriksyon ijyèn men ak pwòpte ak dezenfeksyon yo.
 - Suiv pwotokòl pou ijyèn respirasyon apwopriye ak pou touse yo.

B. Rasanbleman nan espas fèmèn

- Antite ki Responsab yo dwe limite rasanbleman an pèsòn yo (pa egzanp reyinyon anplwaye yo, ti reyinyon apre antrènman yo) nan pi gwo mezi posib epi yo dwe itilize lòt metòd tankou konferans nan videyo oswa telekonferans chak fwa sa posib, konfòmman ak direktive CDC a nan "[Direktiv Pwovizwa pou Biznis ak Anplwayè yo pou Panifye ak Reponn ak Maladi Kowonaviris 2019 \(COVID-19\)](#)" (Interim Guidance for Businesses and Employers to Plan and Respond to Coronavirus Disease 2019 (COVID-19)). Lè videyokonferans oswa telekonferans pa posib, Pati Responsab yo ta dwe fè yon reyinyon ouvè, nan espas ki gen bon lè epi asire ke moun yo kenbe sis pye distans sosyal ant youn ak lòt (pa egzanp si gen chèz, kite espas nan mitan chèz yo, fè moun yo chita nan chèz altène).
- Pati Responsab yo ta dwe fèmèn enfrastrikti ki pa esansyèl yo ak espas komen ki ankouraje rasanbleman oswa ke yo touche anpil yo (pa egzanp machin lavant otomatik yo, machin kafe komen yo, paviyon yo).
- Pati Responsab yo gendwa bay jwè yo a boutèy bwason ki nan boutèy separe ak atik manje ki gen yon sèl itilizasyon nan espas ki fèt pou sa ke yo pa touche anpil oswa yo pa touche ditou yo (pa egzanp yon chanm ke yo dezinye, yon espas ki fèt sou yon tab). Sèlman yon sèl jwè ta dwe prezan nan espas la nan yon moman kèlkonk, epi nenpòt jwè ki ap tann nan liy pou antre nan chanm lan dwe kenbe distans sis pye youn ak lòt. Jwè ak moun yo ki gen responsabilite pou re-apwovizyone chanm lan dwe reyalize ijyèn men avan ak apre yo antre epi pote yon mask pandan yo nan chanm lan.
- Pati Responsab yo dwe mete an plas ase pratik distans sosyal nan ti espas, tankou twalèt ak vestyè, epi siyalizasyon ak sistèm (pa egzanp siyale lè yo okipe) pou limite okipasyon an lè distans sosyal la pa ka kenbe nan espas sa yo; epi

- Pati Responsab yo dwe repati orè yo pou jwè ak anplwaye yo kapab respekte distans sosyal (sa vle di, sis pye espas) pou tout rasanbleman (pa egzanp pandan poz kafe yo, repa yo, kòmansman/fen peryòd travay yo).
- Espas komen ki pa esansyèl yo (pa egzanp sona sèk yo, beny vapè yo, beny fwèt yo, chanm oksijèn oswa kriyoterapi yo) dwe rete fèm.

C. Aktivite Espas Travay

- Yo otorize sèlman egzèsis endividyèl nan etablisman ekip yol; yo entèdi pratik gwoup yo (pa egzanp, match similasyon yo, match enpwozive yo).
- Antrènman kapap fèt, men antrenè yo dwe kenbe distans sosyal ki apwopriye tout tan, epi yo ankouraje Pati Responsab yo pou asiye yon antrenè/fòmateur pa jwè pou redwi kantite diferan kontak ant jwè yo ak manm pèsònèl yo.
- Manm pèsònèl ekip endividyèl yo gendwa bay tretman medikal jan sa apwopriye, pandanyo ap asire manm pèsònèl la itilize PPE ki apwopriye yo pou tretman medikal ke yo bay la, epi pandan yo ap diminye kontak yo nan pi gwo mezi posib.
- Yo ankouraje anpil Pati Responsab yo kenbe mentnans etablisman yo ak nòm minimòm ke ekip yo bezwen pou egzekite pratik yo (pa egzanp okenn rato pou twou sab sou yon teren gòlf, mwens netwayaj sou yon teren tenis an tè bati).
- Pati Responsab yo dwe pran mezi pou redwi kontak entèpèsònèl ak kongregasyon an, atravè metòd tankou:
 - limite prezans an pèsòn yo ak sèlman anplwaye sa yo ki nesèsè pou yo nan espas la oswa manm ekip endividyèl yo ak antrenè yo ki ap itilize etablisman pou antrenman pèsònèl yo;
 - ajiste èdtan etablisman yo;
 - redwi mendèv ki sou plas yo epi jwè yo dwe respekte enstriksyon distans sosyal yo;
 - konsepsyon evolutif (pa egzanp ekip A/B, repati lè arive/depa);
 - priyore tach yo ki pèmèt distans sosyal (pa egzanp egzèsis kondisyonman fizik yo, HORSE) sou sila yo ki pa pèmèt sa (pa egzanp youn kont youn, 5-3-1);
 - evite plizyè jwè ki ap pratike/manm pèsònèl ki ap travay nan yon espas nan repati tach ak pratik ki pwograme yo, epi nan itilize pano pou endike espas ki okipe yo; ak/oswa
 - reyalize rankont edikatif pou jwè yo ak anplwaye esansyèl yo avan yo retounen nan etablisman yo dekwa pou klarifye nouvo règleman ak pratik yo.

D. Mouvman ak Kòmès

- Pati Responsab yo dwe entèdi vizitè ki pa esansyèl yo pou yo pa antre nan etablisman an, nan mezi sa posib.
- Pati Responsab yo dwe etabli espas ki dezinye pou kòlèk ak livrezon, pandan yo ap limite kontak yo tout tan sa posib.

- Pati Responsab yo ta dwe limite entèaksyon sou plas (pa egzanp dezinye yon sòti pou moun ki ap kite antrènman yo ak yon antre pou moun ki ap kòmanse yo) ak mouvman yo (pa egzanp jwè yo ta dwe itilize pi piti kantite etablisman ki nesèsè).
- Pati Responsab yo ta dwe limite kantite antre yo dekwa pou (1) yo jere kantite vizitè yo nan batiman an epi (2) fasilite depistaj sante yo, jan sa dekri anba a nan Seksyon III "Processes (Pwosesis)", Souseksyon A "Screening and Testing (Depistaj ak Tès)", pandan yo ap respekte règleman sekirite pou dife yo.
 - Pati Responsab yo dwe devlope yon plan pou moun kenbe sis pye distans sosyal pandan yo ap fè liy andedan oswa deyò batiman an pou depistaj, jan sa aplikab.

II. ESPAS

A. Ekipman Pwoteksyon

- Anplis PPE ki nesèsè jan yo egzije sa pou kèk aktivite nan espas travay, Pati Responsab yo dwe genyen, fabrike, oswa otreman jwenn kouvèti pou figi ki akseptab, epi bay anplwaye yo, jwè yo, ak anplwaye ekip yo pandan yo nan travay san peye pou anplwaye, jwè, oswa anpwalye ekip la. Yon kantite kouvèti pou figi apwopriye, mask ak lòt PPE ki obligatwa ta dwe alapòte sizoka yon anplwaye bezwen yon anplwaye. Kouvèti pou figi ki akseptab yo gen ladan yo, men yo pa limite a sa sèlman, mask ki fèt ak twal yo (pa egzanp, sa yo koud lakay yo, sa yo koupe nan rad yo, foula), mask chirijikal yo, respiratè N95 yo, ak mask pwoteksyon pou figi yo.
- Kouvèti pou figi dwe pwòp oswa ranplase apre li fin itilize epi li pa ka pataje. Tanpri konsilte direktiv CDC a pou plis enfòmasyon sou pwoteksyon figi an twal ak lòt kalite PPE, ansanm ak enstriksyon sou itilizasyon ak netwayaj.
 - Note byen kouvèti pou figi ki fèt an twal oswa mask ki ka jete yo pa dwe konsidere kòm kouvèti pou figi akseptab pou aktivite espas travay ki egzije yon pi wo degre pwoteksyon pou egzijans kouvèti pou figi. Pa egzanp, si respiratè N95 yo egzije tradisyonèlman pou aktivite espesifik, yon twal oswa yon mask ki fèt lakay pa ka sifi. Pati Responsab yo dwe respekte nòm OSHA yo pou ekipman sekirite konsa.
- Pati Responsab yo dwe otorize anplwaye yo, jwè yo, ak manm pèsonèl ekip yo itilize pwòp kouvèti pou figi ki akseptab pa yo men yo pa kapab egzije pou anplwaye yo, jwè yo, ak anplwaye manm ekip yo vini avèk pwòp kouvèti pou figi pa yo. Anplis de sa, direktiv sa a pap anpeche anplwaye yo, jwè yo, ak anplwaye manm ekip yo pote pwòp kouvèti pwoteksyon anplis yo (pa egzanp mask chirijikal yo, respiratè N95 yo, oswa pwoteksyon pou figi yo), oswa si Pati Responsab yo otreman egzije anplwaye ak antreprenè yo pote plis PPE pwoteksyon akòz nati travay yo a. Anplwaye yo ta dwe konfòme ak tout nòm aplikab OSHA yo.
- Pati Responsab yo dwe fòme anplwaye yo, jwè yo, ak anplwaye yo sou fason pou yo mete, retire, netwaye (jan sa aplikab), ak jete PPE yo fason apwopriye, gen ladan san limite ak, kouvèti pou figi ki apwopriye.
- Pati Responsab yo dwe avize anplwaye yo, jwè yo, ak anplwaye ekip la pou pote kouvèti pou figi nan espas komen yo gen ladan asansè yo, lòbi yo, ak lè yo ap travay ozalantou etablisman an.
 - Pati Responsab yo ta dwe swiv Enstriksyon Espas Travay Biwo (Office Workspaces Guidelines) pou nenpòt aktivite ki ap fèt nan biwo yo.

- Pati Responsab yo dwe asire ke anplwaye yo, jwè yo, ak manm pèsonèl ekip la pote kouvèti pou figi lè yo ap entèaji youn ak lòt ak/oswa lòt moun travay nan sis pye distans EPI san yon baryè fizik (pa egzanp pleksiglas).
- Pati Responsab yo ta dwe enstale baryè fizik yo nan biwo resepsyon ak sekirite yo.
 - Jan sa mansyone anwo a nan Seksyon I "MOUN" (PEOPLE), Souseksyon A "Distans Fizik" (Physical Distancing) baryè fizik yo (pa egzanp pleksiglas oswa materyèl ki sanble) ta dwe enstale an akò ak enstriksyon OSHA yo.
 - Pati Responsab yo dwe pran mezi pou limite pataj objè yo, tankou ekipman yo, tas yo, materyèl yo, ak veyikil yo, ansanm ak touche sifas pataje yo, tankou ekran taktil yo, jan sekirite pèmèt sa; oswa, egzijè travayè yo, jwè yo, ak anplwaye ekip yo pote gan (ki apwopriye pou komès oswa medikal) lè yo an kontak ak objè pataje yo oswa sifas moun touche souvan yo si posib; oswa, egzijè anplwaye yo, jwè yo, ak anplwaye ekip la reyalize ijyèn pou men avan ak apre kontak.

B. Ijyèn, Netwayaj ak Dezenfeksyon

- Pati Responsab yo dwe asire respè egzijans ijyèn ak dezenfeksyon yo jan CDC ak DOH te mande sa, ki gen ladan "Direktiv pou Netwaye ak Dezenfekte Etablisman Piblik ak Prive yo pou COVID-19" (Guidance for Cleaning and Disinfection of Public and Private Facilities for COVID-19), ak postè "SISPANN PWOPAGASYON AN" (STOP THE SPREAD), jan sa aplikab. Pati Responsab yo dwe kenbe journal netwayaj ki gen dat, lè, ak espas kap netwaye a ak dezenfeksyon.
- Pati Responsab yo dwe bay e kenbe pòs ijyèn men nan espas la, konsa:
 - Pou lavaj men yo: savon, dlo potab cho, sèvyèt papye ki ka jete yo, ak yon poubèl fatra ki gen kouvèti.
 - Pou dezenfekte: yon dezenfektan pou men abaz alkòl ki gen pou pi piti 60% alkòl pou espas kote etablisman pou lavaj men yo gendwa pa disponib oswa pa pratik.
 - Mete dezenfektan pou men disponib nan tout espas komen yo nan batiman an (pa egzanp lòbi yo). Yo ta dwe plase li nan pozisyon ki konvenab, tankou antre yo, sòti yo, asansè yo, ak biwo sekirite/resepsyon yo. Yo ta dwe enstale distribitè dezenfektan pou men abaz alkòl yo pa ka touche yo kote sa posib.
 - Pati Responsab yo dwe mete panno toupre pòs dezenfektan pou men yo ki di men ki sal yon fason vizib dwe lave avèk savon ak dlo; dezenfektan pou men pa mache byen sou men ki sal yon fason vizib.
 - Mete veso toupato nan batiman an pou jete bagay sal, pami yo PPE.
- Pati Responsab yo dwe bay materyèl netwayaj ak dezenfeksyon ki apwopriye pou sifas moun pataje ak touche souvan yo epi ankouraje anplwaye yo, jwè yo, ak anplwaye ekip yo itilize materyèl sa yo nan swiv enstriksyon fabrikan yo pou itilizasyon avan ak itilizasyon apre konsènan sifas sa yo, apres a yo dwe pratike ijyèn men.
- Pati Responsab yo dwe reyalize netwayaj ak dezenfeksyon regilye sou espas la epi netwayaj ak dezenfeksyon pi souvan pou espas ki anba gwo risk anpil moun itilize yo, pou espas moun touche souvan yo, ak potansyèlman atik absòban yo (pa egzanp bandaj pou egzèsis an twal yo, kòd yo). Yo dwe netwaye ak dezenfekte yon fason rijid ak konstan epi sa dwe fèt omwen apre chak pratik oswa egzèsis, chak jou ominimòm, oswa pi souvan si sa nesèsè. Tanpri konsilte "Direktiv Pwovizwa pou Netwaye ak Dezenfekte Etablisman Piblik ak Prive yo pou COVID-19" (Interim Guidance for Cleaning

and Disinfection of Public and Private Facilities for COVID-19) DOH yo pou kapab jwenn enstriksyon ki detaye sou jan pou netwaye etablisman epi dezenfekte etablisman yo.

- Pati Responsab yo dwe asire netwayaj ak dezenfeksyon twalèt yo regilye. Twalèt yo ta dwe netwaye ak dezenfekte pi souvan tou depan de nivo yo frekante li.
 - Pati Responsab yo dwe asire ke yo respekte règleman distans yo lè yo itilize siyalizasyon, makè okipe yo, oswa lòt metòd pou diminye kapasite twalèt yo lè sa posib.
- Pati Responsab yo dwe asire ke atik ki egzije lesiv yo fèt nan anviwònman dlo ki pi cho jan sa apwopriye, dapre enstriksyon CDC a.
- Pati Responsab yo dwe asire ke yo netwaye ak dezenfekte ekipman ak zouti yo nan itilize dezenfektan ki legal yo, gen ladan omwen chak fwa anplwaye yo, jwè yo, ak anplwaye ekip yo chanje etablisman pratik yo oswa pòs travay yo, oswa deplase pou ale nan yon nouvo ansanm ekipman oswa zouti. Sèvi avèk lis pwodui Depatman Pwoteksyon Anviwònmanal (Department of Environmental Conservation, DEC) ki anrejistre nan Eta New York yo epi EPA idantifye kòm efikas kont COVID-19 la.
- Si netwayaj oswa dezenfeksyon pwodwi oswa dèske netwayaj ak dezenfeksyon lakòz pwoblèm sekirite oswa degrade materyèl oswa machin, Pati Responsab yo dwe mete an plas pòs ijyèn men ant itilize ak/oswa founi gan ki ka jete ak/oswa limitasyon sou kantite anplwaye kap itilize machin sa a.
- Pati Responsab yo dwe fè netwayaj ak dezenfeksyon espas ki ekspoze yo sizoka yo konfime yon moun pozitif ak COVID-19, netwayaj ak dezenfeksyon sa yo dwe gen ladan, ominimòm, tout espas moun frekante anpil ak sifas moun touche anpil yo (pa egzanp sansè yo, lòbi yo, antre batiman yo, aparèy pou eskanerize badj yo, twalèt yo, ranp yo, manch pòt yo).
- Enstriksyon CDC sou "Netwayaj ak Dezenfeksyon Etablisman" (Cleaning and Disinfecting Your Facility) si yo sispèk oswa yo te konfime yon moun gen COVID-19 se jan sa ye anba a:
 - Fèmen espas moun yo sispèk oswa konfime ki genyen COVID-19 la itilize. Espas afekte yo dwe fèmen ak netwaye ak dezenfekte.
 - Yo dwe fèmen, netwaye ak dezenfekte tou espas batiman pataje yo ke moun lan te itilize (pa egzanp asansè yo, lòbi yo, espas komen deyò yo).
 - Pati Responsab yo dwe imedyatman kominike enfòmasyon sou moun yo sispèk oswa konfime ki genyen COVID-19 bay tout antite ki afekte yo ki okipe espas nan batiman an ak enfòmasyon sou ki espas komen ki fèmen ak yon fwa yo re-ouvè yo.
 - Ouvri pòt ki bat sou deyò ak fenèt pou ogmante sikilasyon lè nan espas la.
 - Tann 24 èdtan avan ou netwaye oswa dezenfekte. Si 24 èdtan pa posib, tann tout tan ou kapab.
 - Netwaye epi dezenfekte tout espas moun yo sispèk oswa yo konfime ki gen COVID-19 la te itilize, tankou biwo, twalèt, espas komen, ak ekipman li te pataje.
 - Lè espas lan fin netwaye ak dezenfekte kòm sadwa, yo kapab reouvè li pou itilizasyon..
 - Anplwaye yo, jwè yo, ak anplwaye ekip yo ki san kontak sere ak pwòch avèk moun yo sispèk oswa konfime ki gen COVID-19 la kapab retounen nan espas travay la imedyatman apre netwayaj ak dezenfeksyon an.
 - Konsilte "Direktiv Pwovizwa pou Anplwaye Piblik ak Prive yo Retounen Travay Apre Enfeksyon oswa Ekspozisyon COVID-19" (Interim Guidance for Public and Private Employees Returning to Work Following COVID-19 Infection or Exposure) pou enfòmasyon sou kontak "sere oswa pwòch" yo.

- Si plis pase sèt jou pase depi moun ke yo sispèk oswa malad ak COVID-19 te vizite oswa itilize etablisman an, pa bezwen gen netwayaj ak dezenfeksyon anplis, men netwayaj ak dezenfeksyon ki te konn fèt yo dwe kontinye.
- Pati Responsab yo dwe entèdi manje ak bwason pataje (pa egzanp repa estil bifè), ankouraje moun pote manje ki sot lakay yo, e rezève ase espas pou anplwaye pratike distans sosyal la pandan repa yo.
- Pati Responsab yo dwe entèdi pataj atik anplwaye yo ant jwè yo ak antrenè yo (pa egzanp sèvyèt yo, tas pou bwè yo, boutèy dlo yo, rad yo).
- Yo ankouraje Pati Responsab yo pou adapte eleman sou etablisman antrènman yo pou redwi kantite kontak ki nesèsè pou yo ka itilize yo (pa egzanp twou gòlf yo ke yo ranpli pou rekiperasyon fasil boul yo).

C. Re-ouvèti pa Faz

- Nou ankouraje Pati Responsab yo a aktivite re-ouvèti pa faz yo pou ka pèmèt pwoblèm operasyonèl yo rezoud avan pwodiksyon oswa aktivite travay yo retounen nan nivo nòmal yo. Pati Responsab yo ta dwe panse limite kantite anplwaye, jwè, manm ekip, ak èdtan yo, ki disponib pou sèvi yo lè yo premye re-ouvri dekwa pou yo bay fonksyonman an kapasite pou ajiste ak chanjman yo.

D. Plan Kominikasyon

- Pati Responsab yo dwe afime ke yo te revize e konprann konsèy eta a te pibliye sou endistri a, epi yap aplike yo.
- Pati Responsab yo ta dwe devlope yon plan kominikasyon pou anplwaye, jwè, ak anplwaye ekip yo ki gen ladan enstriksyon, fòmasyon, siyalizasyon, ki aplikab ak moyen konsistan pou bay anplwaye yo, jwè yo, ak anplwaye ekip yo enfòmasyon. Pati Responsab yo ka kreye paj wèb, gwoup tèks ak imèl, ak medya sosyal.
- Pati Responsab yo ta dwe ankouraje moun yo pou respekte konsèy CDC ak DOH la nan sa ki gen rapò ak itilizasyon PPE, espesyalman kouvèti pou figi lè distans sosyal sis pye a pa ka kenbe, atravè kominikasyon vèbal ak siyalizasyon.
- Pati Responsab yo ta dwe mete siyalizasyon anndan ak deyò batiman an pou raple moun yo pou respekte bon ijyèn, prensip distans sosyal yo, itilizasyon kòrèk PPE yo ak pwotokòl netwayaj ak dezenfeksyon yo.
- Pati Responsab yo ta dwe kowòdone avèk ekip administrasyon an pou resevwa yon lis sou vizitè ki esansyèl yo ki ap antre nan etablisman an.

III. PWOSESIS YO

A. Depistaj ak Tès

- Pati Responsab yo dwe teste tout jwè yo, anplwaye ekip yo, ak anplwaye etablisman yo avan yo premye retounen nan etablisman an.
- Pati Responsab yo dwe egzekite pratik depistaj sante chak jou ki obligatwa pou anplwaye yo, jwè yo, ak anplwaye ekip yo.

- Yo gendwa reyalize pratik depistaj yo adistans (pa eganp ankèt nan telefòn oswa elektwonik), avan anplwaye yo, jwè yo, ak anplwaye ekip yo rapòte yo nan etablisman an, nan mezi sa posib; oswa yo ka reyalize yo nan espas la.
- Yo ta dwe kowòdone depistaj yo pou anpeche anplwaye yo, jwè yo, ak anplwaye ekip yo melanje nan kontak sere oswa pwòch youn ak lòt avan fen depistaj la.
- Ominimòm, depistaj la obligatwa pou tout anplwaye yo, jwè yo, ak anplwaye ekip yo epi yo reyalize li nan yon kesyonè ki ap detèmine si anplwaye yo, jwè yo, ak anplwaye ekip yo:
 - (a) gen konesans yo te antre an kontak sere oswa pwòch nan 14 jou pase yo ak nenpòt moun ki te teste pozitif resaman pou COVID-19 la oswa ki genyen oswa te genyen sentòm COVID-19 yo;
 - (b) teste pozitif pou COVID-19 la nan 14 jou pase yo; ak/oswa
 - (c) eksperimante sentòm COVID-19 la nan 14 jou pase yo.
- Pati Responsab yo ta dwe kowòdone avèk direktè ekip yo pou fasilite depistaj la. Bon pratik depistaj yo gen ladan:
 - Si espas la ak konfigirasyon etablisman an pèmèt sa, depiste moun yo nan oswa toupre antre batiman an pou redwi enpak la sizoka yo sispèk oswa yo konfime yon ka COVID-19.
 - Pèmèt distans sosyal ki apwopriye pandan moun yo nan liy pou depistaj ak/oswa antre batiman an.
 - Kowòdone avèk lokatè yo pou idantifye moun yo ki te reyalize yon depistaj adistans.
 - Admèt sèlman moun ke to te depiste oswa adistans pa lokatè yo oswa yon fwa yo rive.
 - Itilize kamera tèmik san kontak nan antre batiman yo pou idantifye moun ki potansyèlman gen sentòm yo epi dirije yo nan yon espas depistaj segondè pou reyalize yon swivi depistaj.
- Konsilte direktiv CDC a sou "Sentòm Kowonaviris (Symptoms of Coronavirus)" yo pou enfòmasyon ki pi ajou sou sentòm ki asosye ak COVID-19 la.
- Pati Responsab yo ta dwe egzije anplwaye yo, jwè yo, ak anplwaye ekip yo devwale imedyatman si epi lè respons yo te bay pou nenpòt nan kesyon ki mansyone anlè a yo ta chanje, tankou si yo kòmanse santi sentòm yo, pandan oswa andeyò èdtan travay yo.
- Anplis kesyonè depistaj la, yo gendwa reyalize kontwòl tanperati chak jou tou dapre enstriksyon Komisyon sou Opòtinite Anplwa Egal (Equal Employment Opportunity Commission) Etazini an oswa enstriksyon DOH yo. Pati Responsab yo entèdi pou kenbe anrejistreman done sante anplwaye a (pa egzanp done tanperati).
- Pati Responsab yo dwe asire ke nenpòt anplwaye ki ap fè aktivite depistaj, gen ladan kontwòl tanperati yo, pwoteje yon fason ki apwopriye kont ekspozisyon ak anplwaye, jwè, ak anplwaye ekip ki potansyèlman enfekte ki ap antre nan etablisman an. Responsab ki ap fè aktivite depistaj yo ta dwe fòme pa moun anplwayè a idantifye ki familye ak pwotokòl CDC, DOH, ak OSHA.
- Moun ki ap fè depistaj yo dwe gen epi itilize PPE, ansanm ak ominimòm, yon mask pou figi, epi ak gan, yon gwo wòb, ak/oswa yon pwoteksyon pou figi.

- Yo pa ta dwe pèmèt yon anplwaye, yon jwè, oswa anplwaye ekip ki teste pozitif pou sentòm COVID-19 yo antre nan etablisman an epi yo ta dwe voye li lakay li avèk enstriksyon pou kontakte founisè swen sante li pou evalyasyon ak tès. Pati Responsab yo dwe mete depatman sante eta ak lokal la okouran ka a imedyatman si gen rezilta tès COVID-19 ki pozitif. Pati responsab yo ta dwe bay anplwaye yo, jwè yo, ak anplwaye ekip yo enfòmasyon sou resous pou swen sante ak pou tès yo.
- Pati Responsab yo dwe konsilte "Pwovizwa pou Anplwaye Piblik ak Prive yo Retounen Travay Apre Enfeksyon oswa Ekspozisyon COVID-19" (Interim Guidance for Public and Private Employees Returning to Work Following COVID-19 Infection or Exposure) DOH la konsènan pwotokòl ak politik pou anplwaye kap chèche retounen travay apre yon ka COVID-19 yo te sispèk oswa konfime oswa apre anplwaye a te nan kontak pre oswa kole ak yon moun ki gen COVID-19.
- Pati Responsab yo dwe revize repons tout anplwaye, jwè, ak anplwaye ekip yo te kolekte nan pwosesis depistaj la sou yon baz chak jou epi kenbe yon anrejistreman revizyon sa yo. Pati Responsab yo dwe idantifye tou yon kontak antanke pati pou anplwaye yo, jwè yo, ak anplwaye ekip yo pou yo ka enfòm si pita yo vin gen sentòm ki gen rapò ak COVID-19 la, jan sa note nan kesyonè a.
- Pati Responsab yo dwe dezinye yon kontwolè sekirite pou espas la kote responsabilite li gen ladan konfòmite kontini ak tout respè pou plan sekirite espas la, pou anplwaye yo, jwè yo, ak anplwaye ekip yo.
 - Lè yo avèti yon ka pozitif, kontwolè sekirite pou espas la dwe alète kontak yo tout antite ki afekte yo ki okipe espas pataje ak ka pozitif yo epi yo dwe swiv pwosedi pou netwaye ak dezenfekte yo.
 - Kontwolè sekirite pou espas la responsab pou resevwa ak ateste ke li te resevwa tout kesyonè anplwaye yo, jwè yo, ak anplwaye ekip yo, kontak sa yo idantifye tou kòm pati pou anplwaye yo, jwè yo, ak anplwaye ekip yo pou yo ka enfòm si pita yo vin gen sentòm ki an rapò ak COVID-19 yo, jan sa note nan kesyonè a.
- Nan mezi sa posib, Pati Responsab yo ta dwe kenbe yon rejis sou tout moun, sa gen ladan anplwaye, jwè, ak anplwaye ekip yo ki te gendwa gen kontak sere oswa pwòch avèk lòt moun nan espas travay la; livrezon ki fèt avèk PPE ki apwopriye oswa pa mwayen san kontak yo pa ladan. Rejis la ta dwe genyen enfòmasyon kontak la, dekwat pou tout kontak yo kapab idantifye, retrace epi alète sizoka yon anplwaye, yon jwè, ak yon anplwaye ekip la dyagnostike avèk COVID-19 la. Pati Responsab yo dwe kolabore avèk efò pou retrace kontak depatman sante eta ak lokal la ap fè yo.

B. Trasaj ak Swivi

- Pati Responsab yo dwe alète imedyatman depatman sante eta ak lokal la osito yo enfòm yo sou nenpòt rezilta tès pozitif pou yon anplwaye, jwè, oswa anplwaye ekip la nan etablisman yo a.
- Pati Responsab yo dwe dezinye yon kontwolè pou sekirite espas la kote responsablite li gen ladan respè tout tan pou tout aspè plan sekirite espas la.
- Sizoka yon anplwaye, jwè, oswa anplwaye ekip la teste pozitif, Pati Responsab yo dwe kolabore avèk depatman sante eta ak lokal la jan sa nesèsè pou retrace tout kontak nan espas travay la, epi yo dwe alète depatman sante eta ak lokal la kote etablisman an sitiye sou tout anplwaye nan rejis la ki te antre nan espas la nan 48 èdtan avan anplwaye, jwè, oswa anplwaye ekip la te premye genyen sentòm COVID-19 yo oswa te teste pozitif, kèlkeswa sa ki te fèt avan an. Yo dwe kenbe konfidansyalite jan lwa ak regleman federal ak eta a yo egzije a.

- Sizoka yon anplwaye, yon jwè, yon anplwaye ekip la, nan montre sentòm yo pandan li nan espas travay yo, Pati Responsab yo dwe alète tout antite yo ki okipe espas nan batiman an imedyatman sou enfòmasyon konsènan kote moun lan te ye nan tout etablisman an epi alète yo si anplwaye, jwè, oswa anplwaye ekip ki gen sentòm lan teste pozitif.
- Depatman sante eta ak lokal yo gen dwa, selon otorite jiridik yo, mete sou pye kontwòl ak restriksyon sou deplasman pou moun ki enfekte oswa ekspoze yo sa gen ladan izòlman lakay oswa karantèn.
- Anplwaye yo avèti yo te an kontak sere oswa rapwoche avèk yon moun ki gen COVID-19, epi yo avèti yo nan retrase yo, suiv yo oswa lòt mwayen, oblije rapòte tèt yo bay patwon yo kou yo fin avèti yo epi yo dwe swiv pwotokòl ki pi wo a.

IV. PLAN ANPLWAYE

Pati Responsab yo dwe afiche byen klè plan sekirite nan espas la. Eta mete disponib yon modèl plan sekirite pou reouvèti biznis pou gide pwopriyetè biznis ak operatè yo nan kreye plan pou pwojete kont pwopagasyon COVID-19 la.

Enfòmasyon sekirite anplis, konsèy, ak resous disponib sou:

Sit Entènèt Epidemi Kowonaviris (COVID-19) Depatman Sante Eta New York la

<https://coronavirus.health.ny.gov/>

Sit Entènèt Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi Kowonaviris (COVID-19)

<https://www.cdc.gov/coronavirus/2019-ncov/index.html>

Sit Entènèt administrasyon Sekirite ak Sante nan Travay

<https://www.osha.gov/SLTC/covid-19/>

Sou lyen ki pi ba a, afime ou te li epi konprann obligasyon ou genyen pou ou travay dapre direktiv sa a:

<https://forms.ny.gov/s3/ny-forward-affirmation>